



## Biwo Sipò pou Pwofesè Edikasyon ak Ansèyman Global Etidyan

Fòm Otorizasyon Videyo edTPA pou Minè

Chè Paran/Gadyen

Mwen se yon etidyan pwofesè nan klas pitit ou a epi mwen genyen obligasyon pou fè yon evalyasyon ke yo rele edTPA, pou ede nan devlopman m epi detèmine nivo preparasyon m pou m kòmanse anseye. New Jersey Department of Education (Depatman Edikasyon New Jersey) te adopte edTPA antanke egzijans pou lisans ki antre an aplikasyon an 2017-2018.

Evalyasyon an te fè mwen egzijans pou mwen planifye yon seri leson, anseye yo, epi evalye aprantisaj elèv yo. Nan pwosesis sa a mwen dwe kreye anrejistreman odyo-videyo tèt mwen epi soumèt yon segman tou kout 20 minit ansèyman mwen. Anrejistreman sa a konsantre sou mwen, antanke pwofesè a. Sepandan, pandan ansèyman an pitit ou a gendwa parèt nan videyo sa a tou. Mwen gen egzijans tou pou soumèt kèk echantiyon travay elèv kòm prèv efikasite ansèyman mwen. Ankenn non elèv oswa lekòl pa pral parèt nan ankenn echantiyon n ap soumèt.

Yo pral sèvi ak anrejistreman yo pou yo evalye ansèyman mwen yo epi amelyore pwogram preparasyon pwofesè yo. Sèl moun ki pral gade yo se korektè yo ki nan Stanford University/Pearson (enstitisyon ki te devlope/bay evalyasyon an) ak pwofesè inivèsite. Anrejistreman an p ap parèt sou yon Sitwèb oswa nan ankenn kad piblik epi y ap efase li lè sik notasyon evalyasyon an fini.

Mwen remèsye w a lavans pou konsiderasyon nan asistans ou pral ban mwen nan etap enpòtan sa a nan karyè mwen, pandan w ap ranpli fòm sa a. Si w genyen nenpòt kesyon sou anrejistreman an, travay elèv yo ak fason nou pral itilize li, tanpri kontakte Biwo Sètifikasyon an nan (609) 771-2396 oswa Certification@tcnj.edu.

\_\_\_\_\_, Etidyan Pwofesè      Dat: \_\_\_\_\_  
=====

Non Elèv la: \_\_\_\_\_      Klas: \_\_\_\_\_

Pwofesè: \_\_\_\_\_      Lekòl la: \_\_\_\_\_

Mwen se paran/gadyen timoun ki site la a. Mwen te resevwa epi li lèt ki vini anvan an anrapò ak evalyasyon etidyan pwofesè a (edTPA). Tanpri tcheke youn:

\_\_\_\_\_ Mwen **BAY** pèmisyon pou mete imaj pitit mwen nan anrejistreman odyo-videyo k ap fèt nan klas yo epi repwodui materyèl pitit mwen fè nan kad aktivite li fè nan klas li. Ankenn non elèv oswa lekòl p ap parèt nan echantiyon travay mwen pral soumèt yo.

\_\_\_\_\_ Mwen **PA BAY** pèmisyon pou anrejistre pitit mwen oswa repwodui materyèl ke pitit mwen ka fè nan kad aktivite klas li.

Siyati Paran/Gadyen\_

Dat \_\_\_\_\_